



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OGMANTASYON ISTORIK 240 MILYON DOLA
INVESTISMAN POU LEKÒL K AP SÈVI TIMOUN KI GEN ANDIKAP**

***Finansman pou founisè edikasyon espesyal pou timoun nan laj preskolè ak
eskolè ap ogmante a 15%***

***Gouvènè a siyen tou gwo pake lejislatif pou bay resous pou elèv ki gen enfimite
yo, fanmi yo ak founisè sèvis sosyal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou enkli yon ogmantasyon istorik 240 milyon dola investisman pou lekòl prive ki apwouve yo k ap sèvi timoun ki gen enfimite nan Bidjè Egzekitif 2022-2023. Gouvènè Hochul te siyen tou yon pake lejislasyon pou ogmante resous ak sipò pou elèv ki gen andikap yo, fanmi yo ak founisè sèvis sosyal yo.

"Investisman istorik nan lekòl yo ap sèvi elèv ki gen andikap yo, ansanm ak kat pwojè lwa, m ap siyen an lwa, sa ap fè yon gran diferans nan lavi elèv, fanmi ak lekòl nan chak kwen New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan tan mwen an fonksyon, mwen te fè l yon priyorite pou koute kominote ki gen enfimite a epi bay resous ak sipò yo bezwen pou pwospere. Moun ki gen andikap yo gen angajman mwen: antanke gouvènè nou, m ap toujou kanpe bò kote nou epi goumen nou."

Aprè ajisteman 4 pousan depans pou viv ki apwouve pou frè eskolè pou ane lekòl 2021-2022, Divizyon Bidjè Eta New York la (New York State Division of the Budget) ap otorize yon ajisteman siplemantè nan depans pou viv a 11 pousan pou ane lekòl 2022-2023 - yon ogmantasyon plis pase 15 pousan sou de zan. Ajisteman depans pou viv an 2022-23 a ap ogmante finansman anyèl pou founisè edikasyon espesyal pou timoun ki nan laj preskolè ak eskolè yo a plis pase 240 milyon dola, avèk Eta a k ap ranbouse distri ak konte lekòl yo apeprè 60% nan depans sa.

Gouvènè Hochul te siyen yon pake lejislasyon tou pou sipòte elèv ki gen andikap yo: lejislasyon (S.2911/A.1953) a tabli ke Konsèy Konsiltatif pou Twoub Espèk Otis la bay yon rapò sou deteksyon otis, edikasyon ak lokalizasyon; lejislasyon (S.6682/A.7614) la nonmenn yon ofisye odyans ki pa nan patipri pou trete plent pwosedi regilyè pou elèv ki gen andikap yo; lejislasyon (S.1662-B/A.3523-A) rann livrezon lisans pou analis konpòtman nan New York konfòm ak lòt eta yo; epi lejislasyon (S.5560-A/A.5339) la

bay finansman pou edikasyon entèvansyon bonè (early intervention, EI) pou timoun piti ki gen andikap yo.

Lejislasyon (S.2911/A.1953) prevwa ke Konsèy Konsiltatif sou Twoub Espèk Otis la ap bay yon rapò sou deteksyon otis, edikasyon, ak lokalizasyon. Rapò sa ap evalye epi revize faktè ki lakoz otis lakay timoun yo epi ede founisè swen sante ak edikatè yo nan fason pou ede dyagnostike pi byen otis la.

Senatè Kevin S. Parker te deklare, "Si se lè nou konnen se mwatye batay la kidonk nou pèdi lagè kont Otis la nan gran eta nou an. Pwojè lwa katografi sa se yon premye etap pou ranvèsè vapè a. Mwen fyè ke mwen te redije lwa enpòtan sa pou egzije Konsèy Konsiltatif sou Twoub Espèk Otis la bay yon rapò sou deteksyon otis, edikasyon, ak lokalizasyon. Rapò sa ap evalye epi revize faktè ki lakoz otis lakay timoun yo epi ede founisè swen sante ak edikatè yo nan fason pou ede dyagnostike otis la pi byen. "Mwen remèsye Gouvènè a pou efò pou sipòte fanmi k ap viv ak otis yo."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Nan Eta New York, yo te dyagnostike to otis la alaman depi 1996. Li evidan ke nou bezwen lokalize epi swiv kantite ka otis yo pou detèmine faktè posib sou koz otis la lakay timoun yo nan fason ki egzak. Lwa sa kreye Konsèy Konsiltatif sou Twoub Espèk Otis la, epi l ap bay yon rapò sou deteksyon otis, edikasyon, ak lokalizasyon. Nou gen fondman enpòtan sa pou Eta New York pou idantifye to otis ki domine epi pou ogmante depistaj inivèsèl la, epi asiste doktè ak edikatè yo nan depistaj bonè, entèvansyon ak tretman. Mwen remèsye defansè ak fanmi yo pou travay di yo sou pwojè lwa sa, Senatè Pakè pou patenarya li epi, finalman, Gouvènè Hochul dèske li siyen pòsyon lejislasyon ki vreman ijan sa, k ap amelyore lavi timoun nan tout eta a,"

Lejislasyon (S.6682/A.7614) la kreye yon pwosesis pou nonmenn yon Ofisye Odyans san Patipri (Impartial Hearing Officer, IHO) touswit pou règleman pwosedi regilyè plent yo si yo pa t nonmen youn 196 jou apre yon paran depoze plent lan. Lejislasyon sa ap asire ke elèv edikasyon espesyal yo resevwa sèvis yo bezwen yo - epi ke lalwa egzije yo - nan yon fason ki apwopriye. Anpil ka konse te soufri pandan dèzane san yo pa nonmen IHO pou tande plent yo; Vil New York City gen yon aryere plizyè milye ka konsa. Vil New York ak Depatman Edikasyon (Education Department) Eta a te kòmanse plan pou anboche plis IHO pou tande ka yo, epi lejislasyon sa ap asire ke plis paran ak elèv resevwa sèvis nesèsè yo san pèdi tan.

Senatè John C. Liu te deklare, "Vil New York te fè plizyè milye timoun lekòl ki gen bezwen espsyal echwe ke sèvis edikatif yo te kite yo dèyè epi fanmi yo te dwe pase pa defi biwokratik ak finansye ki eskandale. Depatman Edikasyon Vil NY la (NYC Department of Education, NYCDOE) te renonse san rete ak pwomès yo pou amelyore pwosesis yo jan yo te mete dakò ak lidè lejislatif yo, ki te bezwen lejislasyon sa finalman. Yon gwo mès ak Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa enpòtan sa an epi ki vreman amelyore edikasyon pou timoun ki te soufri pandan twò lontan nan oubli nan men NYCDOE".

Manm Asanble Michael Benedetto, "Mwen kontan anpil ke Gouvènè Kathy Hochul siyen pwojè lwa mwen an ki pèmèt elèv ki gen andikap yo oswa manm fanmi yo mand pou yon ofisyè odyans san pati pri nan kesyon ki lye ak idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon. Lè lejislasyon sa adopte, Depatman Edikasyon Eta NY ap pwomilge règleman ki detaye delè ki kondanse ke yon IHO ap bay yon òdonans pou paran ki chwazi chèche yon òdonans pou soulajman ki akselere."

Lejislasyon (S.1662-B/A.3523-A) rann livrezon lisans pou analis konpòtman nan New York konfòm ak lòt eta yo. Lwa aktyèl la pèmèt analis konpòtman yo trete otis ak twoub espèk otis, eksklizifman. Lejislasyon sa ap retire restriksyon, ki otorize tretman pwoblèm sante konpòtmantal ki site nan Dyagnostik ak Manyèl Estatistik Twoub Mantal yo, oswa sistèm ki menm jan.

Senatè James Skoufis te deklare, "Byenke chak lòt eta otorize analis konpòtman ki aplike yo pou pratike konpetans yo lajman, pandan lontan New York te klase pwofesyonèl sa yo, ki anpeche timoun ak moun ki gen andikap yo benefisye de terapi ki gen enpak sa. Pou sila yo k ap goumen anfas divès dyagnostik sante mantal oswa devlopman, lejislasyon sa se yon evènman ki chanje jwèt la. Mwen rekonesan anvè anpil fanmi, ABA, ak kòlèg travay ki te travay san rete pou mete pwojè lwa sa sou liy arive a, ki enkli Lidè Majoritè Stewart-Cousins, Lidè Majoritè Peoples-Stokes, ak Senatè Mannion. Finalman, nou gen yon dèt rekonesans anvè Gouvènè Hochul dèske li sipòte lejislasyon enpòtan sa ak angajman li pou timoun ki gen andikap yo."

Crystal D. Peoples-Stokes, ki se Manm Asanble, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li rekonèt li lè pou modènize pratik Analiz Konpòtman Aplike (Applied Behavior Analysis, ABA) nan Eta New York. Lejislasyon sa fè pwofesyon an avanse epi konfòm ak lòt eta nen peyi a ki bay analis konpòtman yo lisans. Moun k ap vik ak divès kondisyon ap kapab pwofite de venefis terapetik ki pwouve ABA a nan pa lontan. Anplis, lejislasyon sa ap ede ak rate analis konpòtman ki otorize grav ki genyen nan New York la epi asire ke chak moun ki bezwen ABA ap gen aksè nan pratik vital sa."

Lejislasyon (S.5560-A/A.5339) bay finansman pou edikasyon entèvansyon bonè pou timoun piti ki gen enfimite yo. Li rasyonnalize sistèm nan pou distribye finansman pou minisipalite, epi otorize yo bay timoun yo plis sèvis entèvansyon bonè.

Senatè Elijah Reichlin-Melnick te deklare, "Mwen rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa ki se yon siksè pou fanmi ak timoun yo, pou founisè sèvis entèvansyon bonè yo ak kontribyab yo. Lè nou kreye yon "evalyasyon vi ki kouvri" pou Entèvansyon Bonè epi egzije konpayi asirans yo pou finanse yon kont pou El yo anvan, nouvo lwa sa ap asire ki ti bebe ak timoun piti yo jwenn terapi yo bezwen pou aprann epi grandi pi vit ke posib, epi sa ap ekonomize plizyè milyon dola pou kontribyab New York yo."

Manm Asanble Amy R Paulin te deklare, "Nouvo lwa sa se yon gwo etap an avan pou refòme epi ranfòse pwogram Entèvansyon Prekòs eta a pou plis timoun ka jwenn èd yo bezwen an, lè yo bezwen l lan. L ap asire ke konpayi asirans sante komèsyal yo

kontribye nan pataj ekitab pou pwogram Entèvansyon Prekòs yo epi I ap asire bon jesyon lajan taks eta ak lokal yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou kesyon sa epi paske li siyen lejislasyon sa k ap pèmèt founisè Entèvansyon Prekòs yo konsantre sou sèvis enpòtan yo bay timoun ak fanmi yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418